

ETABLISMAN: Reading Hospital	
MANYÈL: Òganizasyonèl (Administratif)	DOSYE: Dwa ak Responsablite Moun nan
TIT: Asistans Finansye pou Pasyan	PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN: Direktè, Taks ak Sibvansyon
ADMINISTRATÈ DOKIMAN: Vis Prezidan, Sik Revni	MOT KLE:
DAT ORIJINAL: Jwen 2004	DAT REVIZYON(YO): 11/2015, 05/2016, 09/2017, 03/2019, 09/2019, 06/2022, 02/2025, 05/2025, 04/2026

DOMÈN:

Reading Hospital, ak ladann Reading Hospital Rehabilitation nan Wyomissing. Dapre Seksyon 501(r)(4) IRS la, founisè ki bay swen ijans oswa lòt swen medikalman nesèsè nan etablisman an ki kouvri tou pa Règleman Asistans Finansye sa a gen ladann Tower Health Medical Group.

OBJEKTIF:

Pou asire ke pwosedi estanda yo etabli epi pratike nan tout Reading Hospital la an referans a idantifye epi ede pasyan ki bezwen asistans finansye yo regilyèman. Reading Hospital deziyen kòm yon òganizasyon charitab dapre Seksyon 501(c)(3) Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code, IRC). An konfòmite ak Seksyon 501(r) IRC a, li obligatwa pou etabli epi fè piblikman konnen règleman asistans finansye òganizasyon an. Entansyon règleman sa a se pou idantifye epi sèvi pasyan ki gen bezwen finansye, epi tou pou kreye yon pi gwo konsyantizasyon sou disponiblite asistans finansye nan tout Sistèm Sante a ak nan kominote a.

RÈGLEMAN:

Kòm yon pati nan misyon Reading Hospital pou bay kominote a swen sante ki gen konpasyon, aksesib, kalite siperyè, epi ki pa koute chè, li rekonèt ke se pa tout pasyan ki gen menm kapasite pou peye pou sèvis medikal yo. Reading Hospital dwe piblikman fè konnen disponiblite asistans finansye a bay kominote a atravè sit entènèt lopital la, bwochi yo ak angajman ak gwoup defans kominotè yo. Konseye finansye yo ap edike pasyan yo ak fanmi yo sou resous ki disponib yo epi yo pral bay asistans nan aplikasyon pou asistans finansye a ak pwosesis apwobasyon an pou asire ke tout pasyan kontinye gen opòtinite pou jwenn aksè nan swen yo bezwen an.

DEFINISYON:

Montan Jeneralman Faktire (Amounts Generally Billed, AGB): Seksyon 501(r)(5)(A) egzije yon òganizasyon lopital pou limite montan yo chaje pou swen ijans oswa lòt swen medikalman nesèsè yo bay moun ki kalifye pou asistans dapre FAP òganizasyon an (moun ki kalifye pou FAP) pa plis pase montan yo jeneralman faktire moun ki gen asirans ki kouvri swen sa a. Yo kalkile AGB a lè yo sèvi avèk metòd pwospektiv la ki baze sou tarif frè Medicare pou sèvis yo.

EMTALA (Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Akouchman): Egzijans regilasyon federal ki deklare nenpòt lopital ki aksepte peman nan men Medicare pou bay swen a nenpòt pasyan ki rive nan depatman ijans li pou tretman, kèlkeswa sitwayènte pasyan an, sityasyon legal li Ozetazini oswa kapasite li pou peye pou sèvis yo

Règleman Federal sou Povrete (Federal Poverty Guidelines, FPL): Yo pibliye règleman sa yo chak ane nan rejis Federal la epi yo itilize yo pou detèmine yon baz referans pou nivo povrete a. Department of Health and Human Services pibliye enfòmasyon estatistik sa a.

Asistans Finansye: Swen sante yo bay pasyan san yo san atann okenn peman pou sèvis yo, swa an antye oswa an pati, selon enkapasite finansye pasyan an pou peye.

Garanti: Moun ki responsab legalman ak finansyèman pou peman bòdwo yon pasyan.

Sèvis ki chè: Pou rezon règleman sa a, sèvis ki koute chè yo defini men yo pa limite ak sèvis ki sòti nan depatman ki ki koute chè, tankou imajri avanse, kadyoloji, sèvis peryoperatwa, admisyon pwograme, ak sèvis respiratwa, ansanm menm jan ak sèvis terapi pasyan ekstèn.

Konpozisyon kay la: Defini kòm: Pasyan/Konjwen, nenpòt pitit biyolojik oswa adopte ki gen mwens pase 18 an.

Revni kay la: Revni moun ki abite nan kay la, ak ladan yo men pa limite a salè, enterè, dividann, benefis Sekirite Sosyal, benefis veteran, pansyon ak revni konjwen. Pou rezon kalifikasyon pou asistans finansye, egzanp revni ki pa ladan yo se benefis asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen (temporary assistance for needy families, TANF), benefis pwogram asistans nitrisyon sipleman (supplemental nutrition assistance program, SNAP), benefis pwogram asistans enèji lakay pou moun ki gen revni ba (low income home energy assistance program, LIHEAP), ak benefis pwoteksyon kont move tan.

Medicaid: Yon pwogram federal ak leta ansanm ki ede nan depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous limite.

Sèvis ki nesesè medikalman: Sèvis oswa founiti swen sante ki nesesè pou fè dyagnostik oswa trete yon maladi, yon blesi, yon kondisyon, yon maladi oswa sentòm li yo epi ki satisfè estanda medikaman ki aksepte.

Pasyan konsidere kòm kalifye: Pasyan yo ke yo konsidere kòm kalifye pou asistans finansye dapre sikonstans lavi yo tankou moun ki pa gen kay, ki pa gen revni, oswa ki te deja kalifye pou pwogram asistans finansye.

Pasyan ki pa gen ase asirans: Pasyan ki gen kouvèti asirans ki lakòz gwo responsablite finansye pasyan an pou peman bòdwo medikal yo.

Pasyan ki pa gen asirans: Pasyan ki pa gen okenn kouvèti asirans disponib pou bezwen medikal yo.

PWOSÈDI:

1) Sansibilize pasyan yo sou opsyon Asistans Finansye pou Pasyan

- a) Règleman Asistans Finansye (Financial Assistance Policy, FAP) aktyèl la, Aplikasyon(yo) ak Rezime Langaj Senp (Plain Language Summary, PLS) disponib an Anglè ak nan lang pwensipal popilasyon ki pa pale Anglè byen (limited proficiency in English, LEP) ki reprezante pi piti ant 1000 moun ak 5% kominote a ki sèvi pa zòn sèvis prensipal Reading lan.
- b) FAP a, Aplikasyon an (yo) ak PLS la disponib sou entènèt nan <https://towerhealth.org/locations/reading-hospital/billing/financial-assistance>.

- c) Anplis de sa, Reading Hospital kenbe, epi mete ajou omwen chak twa mwa, yon lis tout founisè yo (idantifye pa non, gwoup pratik/antite, depatman lopital oswa kalite sèvis) k ap bay swen ijans oswa lòt swen medikalman nesesè nan Reading Hospital, ki presize ki founisè ki kouvri ak ki pa kouvri pa règleman Asistans Finansye Pasyan sa a. Lis founisè sa a disponib anliy nan adrès sit entènèt Reading Hospital annapre a: <https://www.towerhealth.org/providers/>. Frè pou sèvis doktè ki pa anplwaye Reading Hospital yo pa nan règleman asistans finansye a.
- d) Bwochi ki gen tit “Konprann Faktirasyon ak Peman” an gen ladan yo rezime règleman Asistans Finansye a nan langaj senp. Bwochi yo, enprime an Anglè ak Panyòl, ap disponib nan sal akèy ak zòn atant yo toupato nan Reading Hospital. Bwochi sa yo bay yon rezime fasil pou li sou pwogram asistans finansye a, avèk enfòmasyon pou kontakte anplwaye Reading Hospital ki pral ede pasyan yo nan pwosesis aplikasyon an. Yo distribye bwochi sa yo bay pasyan yo tou nan pwen anrejistremant yo toupato nan Reading Hospital. Pasyan ki pa gen asirans oswa ki fè konnen yo pa kapab peye nan moman sèvis la ap resevwa bwochi a. Pasyan ijans nan sitiyaasyon sa yo ap resevwa bwochi a lè yo egzeyate yo.
- e) Relve faktirasyon pasyan yo pou sèvis Reading Hospital yo gen konsèy ak enfòmasyon sou disponibilite pwogram asistans finansye a.
- f) Reading Hospital ap travay ansanm avèk pwogram defans enterè nan kominote a. Disponibilite règleman asistans finansye Reading Hospital la pataje ak ajans sa yo. Pa egzanp Berks Western Clinic, Opportunity House, Berks Encore, Berks Community Health Center ak Daniel Torres Hispanic Center, ansanm ak County Assistance Office la.

2) Idantifye pasyan ki bezwen Asistans Finansye pou sèvis ki nesesè medikalman:

- a) Kòm rezilta pwosesis verifikasyon kouvèti sèvis finansye pasyan Reading Hospital la, pral gen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans. Resous konsèy finansye Reading Hospital yo ap ede pasyan sa yo nan pwosesis aplikasyon Medicaid la.
- b) Pasyan ke yo refize pou kouvèti Medicaid, oswa ke yo kontwole epi yo detèmine ke yo pa satisfè kondisyon pou kouvèti Medicaid yo, ap konsidere yo pou pwogram Asistans Finansye Pasyan an.
- c) Sèvis finansye pasyan Reading Hospital la ap itilize resous kalifikasyon ki disponib yo pou detèmine kouvèti asirans ak benefis ki disponib pou tout pasyan. Pou pasyan ki pwograme yo, verifikasyon kouvèti a ap fèt anvan pasyan an rive pou tout sèvis ki gen gwo pri (egzanp. IRM, eskanè CT, pwosedi chirijikal, sèvis kadyoloji). Pasyan ki pwograme pou resevwa sèvis ki pa defini kòm sèvis ki koute chè, ansanm ak pasyan ki pa pwograme, pral gen kouvèti yo verifie lè y ap anrejistre. Kòm rezilta pwosesis verifikasyon kouvèti an, yo ka mande pasyan yo pou peye montan responsablite pasyan konfime yo anvan yo anrejistre. Pasyan medikaman ijans yo pral gen yon verifikasyon asirans apre egzamen depistaj medikal la, jan règleman EMTALA yo egzije.

- d) Règleman faktirasyon ak koleksyon Reading Hospital la dekri pwosesis kote Reading Hospital pral fè pasyan ki pa gen asirans peye epi voye bòdwo bay yo, epi pouswiv koleksyon balans ki poko peye yo. Pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan se 70% AGB a epi yo aplike li nan moman faktirasyon an. Règleman separe sou faktirasyon ak koleksyon Reading Hospital sa a disponib sou sit entènèt Reading Hospital la, epi w ka jwenn yon kopi papye gratis, lè voye imèl nan call.center@towerhealth.org oswa lè w rele 484-628-5683.

- Pwosedi estetik yo gen yon barèm frè ke pasyan an responsab epi yo pa anba tarif peman moun ki pa gen asirans yo.

3) **Detèmine kalifikasyon pou Asistans Finansye:**

- a) Pasyan k ap chèche oswa ki te resevwa nenpòt sèvis ijans oswa sèvis medikal nesèsè epi ki demontre ke yo pa kapab peye pou sèvis yo, y ap konsidere yo pou règleman asistans finansye a.
- b) Pasyan an vizit ki sòti aletranje epi ki bezwen sèvis ijans yo kalifye pou yo konsidere yo pou asistans finansye. Men, pasyan k ap vizite Etazini ak entansyon pou resevwa swen ki pa ijans an jeneral pa kalifye pou asistans finansye.
- c) Y ap mande pasyan yo pou yo bay prèv revni kay la ansanm ak non moun k ap viv nan kay la, kòm yon egzijans nan pwosesis aplikasyon an. Aplikasyon ki bay lis revni ak byen yo. Ou dwe bay dokiman sa yo pou verifikasyon revni:
- Fich peman aktyèl oswa verifikasyon alekri nan men anplwayè a.
 - W-2 yo ak/oswa 1099 yo.
 - Fòm ki apwouve oswa refize konpansasyon chomaj oswa travayè.
 - Verifikasyon alekri ki sòti nan ajans byennèt piblik oswa nenpòt ajans gouvènman pou revni pasyan an.
 - Travayè endepandan bay fòm taks konplè dènye deklarasyon yo, ak ladann anèks C.
 - Dènye relve labank pou tout kont ki ouvè (pou verifikasyon byen sèlman).
- d) Yo asiyen yon montan alokasyon pou chak kategori FPL epi yo kalkile li apati pousantaj ki asiyen nan tarif Frè Pou Sèvis Medicare la. Pou pasyan ki pi wo pase 400% FPL la, pousantaj moun ki pa gen asirans lan aplike.

Kategori FPL	Alokasyon	Peman maksimòm pasyan an pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% alokasyon asistans finansye	\$0
ant 201% rive 250% FPL	90% alokasyon sou pousantaj MCR FFS la	\$300
ant 251% rive 300% FPL	80% alokasyon sou pousantaj MCR FFS la	\$500
ant 301% rive 350% FPL	70% alokasyon sou pousantaj MCR FFS la	\$1,000
ant 351% rive 400% FPL	50% alokasyon sou pousantaj MCR FFS la	\$2,000

- e) Menmsi li pi bon pou kòmanse pwosesis la pi bonè posib, pasyan yo kalifye pou yo mande konsiderasyon pou asistans finansye nan espas 240 jou apati dat premye eta kont pasyan an.
- f) Pasyan ke yo jije kalifye pou asistans finansye yo ap gen pou peye mwens pase frè brit pou nenpòt swen ki pa ijans ak ki pa nesèsè medikalman ke lopital la bay.
- g) Desizyon konsènan kalifikasyon pou asistans finansye yo pral fèt nan espas 14 jou apre ke yo resevwa yon aplikasyon asistans finansye konplè. Y ap egzamine aplikasyon ki pa konplè yo epi y ap eseye kontakte pasyan/garan an pou plis enfòmasyon. Y ap voye on lèt konfimasyon bay pasyan an pou dekri rezilta desizyon an. Relev faktirasyon an pral konsidere tout peman anplis ke pasyan an fè pou detèmine montan li dwe a.

Lè yo apwouve asistans finansye a, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize delè detèminasyon asistans finansye a kouvri. Aplikasyon asistans finansye ki apwouve yo valab pou yon (1) ane apati dat sèvis inisyal la.

- h) Si asistans finansye a pa apwouve, yo pral voye lèt ki dekri rezon ki fè desizyon an, ansanm ak enfòmasyon sou moun yo ta dwe kontakte pou lòt opsyon peman. Si pasyan yo ta vle fè apèl kont desizyon an, yo pral bay yo tou enstriksyon konsènan pwosesis apèl la.
- i) Pasyan oswa garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon kalifikasyon pou asistans finansye yo ap gen opòtinite pou fè apèl kont desizyon an. Se pral responsablite Public Benefits Department pou revize demann apèl la.

4) Kalifikasyon Sipoze Davans

Pasyan yo ka kalifye pou yon rabè sou tout balans ki poko peye a lè pa gen yon fòm aplikasyon pou asistans finansye si pasyan an satisfè youn nan kondisyon annapre yo:

- Li sanzabri oswa li rete nan yon lojman sibvansyone pou moun ki gen ti revni.
- Li mouri.
- Li kalifye kounye a pou Medicaid (kòm asirans prensipal) men li pa t kalifye nan dat sèvis la OSWA
- Benefis Medicaid yo fin itilize, oswa chaj pou sèvis Medicaid pa kouvri yo.
- Li kalifye kounye a pou asistans preskripsyon Famasi (Rx), SNAP/koupon manje, oswa WIC.
- Li kalifye pou resevwa benefis nan men yon ajans gouvènman kòm viktim yon krim vyolan oswa yon agresyon seksyèl epi tretman an gen rapò ak krim vyolan an oswa agresyon seksyèl la.
- Yon enkapasite demontre pou peye pou sèvis yo ki baze sou tout byen ki disponib yo. Pasyan k ap resevwa swen nan oswa nan men depatman ijans lan ki pa gen resous finansye ka kalifye pou règleman asistans finansye a si yo pap travay oswa yo travay poukont yo epi yo pa ka bay yon deklarasyon taks sou revni, yo nan bezwen epi yo pa gen aksè nan dokiman aplikasyon ki nesèsè yo.

5) Responsablite Finansye ak Atant

Si yon pasyan pa kalifye pou asistans finansye, responsablite finansye annapre yo aplike:

- Reading Hospital ap kominike klèman atant finansye yo bay pasyan yo pi bonè posib nan sik faktirasyon an pou evite konfizyon oswa difikilte.
- Pasyan yo responsab pou yo konprann kouvèti asirans yo epi pou yo soumèt tout dokiman ki nesesè yo.
- Yo ka mande avans, kopeman, ak dediktib anvan sèvis la anvan pwosedi ochwa yo (eksepte swen ijans).
- Pasyan yo responsab pou nenpòt balans yo dwe peye poukont yo, ki gen ladan montan ki pa kouvri pa asirans oswa entèmedyè.
- Pasyan ki gen balans ki poko peye yo ka oblije regle montan ki an reta yo anvan yo pran randevou ki pa ijans nan lavni.
- Reading Hospital ka ranvwaye sèvis oswa pwosedi ki pa ijans pou pasyan ki refize fè efò rezonab pou peye pou swen yo a plizyè fwa. Sepandan, sa pa aplike pou swen ijans ki kouvri dapre règleman EMTALA a (ki asire tretman ijans pou tout pasyan, kèlkeswa kapasite yo pou peye).

RÈGLEMAN:

PWOTOKÒL FOUNISÈ:

EDIKASYON AK FÒMASYON:

Ekip Jesyon Aksè Pasyan an ap responsab pou bay fòmasyon anyèl sou atant ki kouvri nan règleman sa a. Nouvo anplwaye ki responsab aksè pasyan yo pral resevwa fòmasyon kòm yon pati nan oryantasyon inisyal yo a.

REFERANS:

APWOBASYON KOMITE/KONSÈY:

ANILASYON:

Kontni dokiman sa a ranplase tout règleman/pwosedi/pwotokòl/direktiv, memorandòm, ak/oswa lòt kominikasyon anvan yo ki gen rapò ak dokiman sa a.